

Konsantman pou evalyasyon preskolè anpèsòn

Non elèv la:	# ID elèv la:	Dat Nesans:
Adrès:	# Apatman:	
Vil:	Eta: New York	ZIP:
Non founisè a:	# Telefòn:	
Ajans founisè a :	# Telefòn:	

Eksplikasyon:

Ou dwe ranpli fòm konsantman sa a avan w kòmanse oswa avan w kontinye yon evalyasyon anpèsòn. Yo egzije yon konsantman apa pou chak tip evalyasyon (paegzanp istwa sosyal, sikloji).

Mwen menm, (Non konplè paran/responsab) _____, mwen dakò pou yo fè evalyasyon edikasyon espesyal preskolè anpèsòn pou pitit mwen an. Mwen konprann evalyasyon adistans toujou disponib ak pi bon pandan eta ijans ki deklare akòz COVID-19 la. Mwen dakò kondisyon ki pi ba yo pou yo ka fè evalyasyon pitit mwen an nan fason ki gen plis sekirite posib la.

1. Tout moun k ap prezan nan sesyon an epi ki gen laj 2 lane pou pi piti ap kouvri vizaj yo.
2. Pitit mwen an ap kouvri vizaj li pandan sesyon yo sof si li pa apwopriye akòz pwoblèm medikal oswa devlopman oswa si doktè a panse li ka bay pwoblèm nan evalyasyon an.
3. Tout moun ki prezan men ki pa konsène dirèkteman nan evalyasyon an, ap rete nan yon distans 6 pye ak kote y ap fè evalyasyon an.
4. Tout moun ki prezan ap lave men yo avèk savon ak dlo oswa ap itilize dezenfektan pou men ki gen alkòl imedyatman avan sesyon an kòmanse ak imedyatman apre li fini.
5. Si evalyasyon an ap fèt lakay mwen, m ap bay doktè aksè nan lavabo, savon ak sèvyèt papye pou lave ak seche men l apre li fin rive, imedyatman avan sesyon an kòmanse ak apre sesyon an fini.
6. Avan chak sesyon, m ap kontwole sante p am, sante pitit mwen an ak lòt moun ki nan kay la pou wè si yo gen sentòm COVID-19, tankou lafyèv, frison, tous, respirasyon kout, doulè misk, gòj fè mal, pèt gou ak sant. M ap avèti ajans lan si nenpòt moun lakay mwen malad oswa si yo gen nenpòt nan sentòm sa yo avan sesyon an oswa lè founisè a mande m avan sesyon an.
7. M ap avèti ajans lan si nenpòt nan bagay sa yo rive nenpòt moun nan kay mwen:
 - a. Teste pozitif avèk COVID-19 nan espas 14 jou pase yo
 - b. Yon doktè oswa ekip tès NYC ak ekip k ap retrace moun lan di pou m rete lakay akòz COVID-19
 - c. Oblije rete nan karantèn dapre avètisman vwayaj Eta Nouyòk akòz COVID-19 (<https://coronavirus.health.ny.gov/covid-19-travel-advisory>)
8. Si yo dwe anile yon evalyasyon anpèsòn pou ranplase l avèk yon evalyasyon adistans, evalyasyon k ap fèt adistans lan se yon ranplasman, se pa yon lòt anplis evalyasyon anpèsòn lan.
9. Doktè a p ap pote jwèt oswa materyèl lakay ou pou l itilize pandan sesyon an, sof papye ak zouti pou evalyasyon an.

Non Paran/Responsab (Ekri byen klè)

Siyati Paran/Responsab

Dat